# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–23 फरवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

केन्द्रीय सहकारिता मंत्री अमित शाह नई दिल्ली में भारत टैक्सी के सारथियन से बतियवलें। आजु जारी एगो वीडियो में श्री शाह कहलें कि भारत टैक्सी सहकारी समिति क उद्देस्य चालकन के उनके काम क स्वामित्व दे के उन्हें मजबूत बनावल हौ। उहां के बतवलीं कि येह पहल क लक्ष्य निजी टैक्सी सेवा कम्पनियन से जुड़ल समेस्या के कम कइल आ लाभ चालकन के दियावल हौ न कि सहकारी समिति के।

**ये जो कन्सेप्ट है, वो ये है कि जो श्रम कर रहा है, जो मेहनत कर रहा है, उसी को मुनाफा मिले, किसी सेठ को न मिले। अब आप भारत टैक्सी का विचार क्यूं आया, ये जो आपने कहा ढेर सारी कम्प्लेंट्स आती थी, बीस प्रतिशत कट जाता था, कोई सर्टेनिटी नहीं थी, कोई सुरक्षा नहीं थी, जितनी भी कम्प्लेंट्स है वो, इसका निवारण क्या है, वो जो कंपनियां है, वो कंपनियां चलाने का उद्देश्य मालिक को धनी बनाना है, फर्क इतना है मालिक आप हो।**

भारत टैक्सी के अनूठा 'सारथी दीदी पहल' क जिकिरि करत श्री शाह कहलें कि येह सुविधा के जरिया से महिला यात्री अपने जतरा बदे महिला चालक चुनि सकेलिनि। श्री शाह बतवलें कि भारत टैक्सी कै सारथी महिला लोगिन के बीमा क लाभ आ असान ऋण सुविधा मिली। उहां के कहलीं कि आवे वाले दिन में येह ऐप में महिला सुरक्षा बदे खास उपाई सामिल कइल जाई।

**आने वाले दिनों में सारथी दीदी का नाम से ऐप में प्रोविजन करेंगे, जो महिला अकेली यात्री होगी, वो स्वाभाविक रूप से दीदी को प्रायोरिटी देगी। इससे किसी का कोई भय का भी वीकनेस खत्म नहीं होगा चिंता मत करिए। सारथी दीदी सबसे ज्यादा क्लिक करेगा।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु से सिंगापुर आ जापान के चारि दिन के दौरा पर हवें। सिंगापुर दौरा के दौरान मुख्यमंत्री आजु वैस्विक कम्पनियन आ नेता लोगिन के साथे महत्वपूर्ण बइठकी कइलें, सथहीं उद्योग जगत के कई गो प्रतिनिधियन से मुलाकातो कइलें। येह बइठकी में उत्तर प्रदेस में डेटा सेन्टर, लॉजिस्टिक्स, नवीकरणीय ऊर्जा, औद्योगिक पार्क, डिजिटल बैंकिंग आ सतत शहरी विकास जइसन क्षेत्रन में निवेस के सम्भावना पर चरचा भइल। श्री योगी प्रदेस के निवेस अनुकूल नीतियन क जनकारी देत वैस्विक निवेसकन के उत्तर प्रदेस में साझेदारी बदे आमंत्रित कइले हवें। मुख्यमंत्री बिहनहूं सिंगापुर में रहिहें ओही पचीस आ छब्बीस फरौरी के जापान में रहले के दौरान तैंतीस वैस्विक कम्पनियन के प्रतिनिधियन से मुलाकातो करिहें।

**********

केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन कहले हइनि कि सरकार सोना के दाम पर कड़ेर नजरि रखले हौ। उहां के कहलीं कि तिउहार के दौरान सोना के दाम में आमतौर पर बढ़ोत्तरी होला आ अबहिन ले ई तय सीमा पार नाहीं कइले बा। उहां के आजु ई बाति नई दिल्ली में भारतीय रिजर्व बैंक क केन्द्रीय निदेसक मण्डल के साथे बजट से जुड़ल बइठकी के बादे संवाददाता सम्मेलन में कहलीं।

**********

कुशीनगर में आज से दुइ दिन क अंतरराष्ट्रीय थाई महोत्सव सुरू हो गइल। येह दौरान बौद्ध भिक्षुअन की ओरि से थाई बुद्ध मोनास्ट्री से महापरिनिर्वाण मंदिर ले भगवान बुद्ध क पवित्र धातु कलस सोभाजतरा निकारल गइल। हमरे कुशीनगर प्रतिनिधि बतवलें कि सोभाजतरा में थाई कलाकारन क नृत्य आकरसण क केन्द्र रहल।

**********

पड़ोसिहा देस नेपाल में आजु सबेरे एगो बस दुर्घटना में सतरह लोगिन क मउति हो गइल। ई बस पोखरा से काठमांडू जाति रहलि आ रास्ता में त्रिशूली नदी में गिरि गइलि। एगो रिपोर्ट–

**बस में कुल 44 यात्री सवार थे। लगभग 26 घायलों को बचा लिया गया है। कुछ घायलों का इलाज स्थानीय अस्पतालों में जारी है जबकि अधिकांश को काठमांडू भेजा गया है। दुर्घटनास्थल स्थल पर बचाव अभियान पूरा कर लिया गया है। बस, रविवार शाम 7 बजे पोखरा से 34 यात्रियों को लेकर रवाना हुई थी और काठमांडू जाते समय धाडिंग में दुर्घटनाग्रस्त हो गई। समाचार कक्ष से अरूण।**

**********

प्रदेस के रामपुर आ सोनभद्र जिला में आजु भइल दुइ गो अलगि–अलगि दुरघटना में तीनि गो स्कूली लइकन के सथहीं छौ जने क मउति हो गइल ओही जने अउरियो घाही हो गइलें।

रामपुर में हाईस्कूल क परीक्षा देवे जा रहल चारि गो छात्रन क मोटरसाइकिलि आगे चलि रहल ट्रैक्टर–ट्रॉली से लड़ि गइल, जेहसे ओहिजुकवें तीनि छात्रन क मउति हो गइल आ एगो अउरियो छात्र गम्हिराहे घाही हो गइल।

सोनभद्र के म्योरपुर इलाका में सफेद माटी निकारत समय सुरंग जइसन खोदाई के दौरान टीला ढहि गइल। मलबा में दबि के तीनि महिलन क मउति हो गइल आ एगो अउरियो महिला घाही हो गइली।

**********

मौसम विभाग पच्छिमी उत्तर प्रदेस में आजु कहीं–कहीं बूंदाबांदी भइले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक येह दौरान पूरबी उत्तर प्रदेस में मौसम सुस्क रही। सथहीं अगिला सात दिन में प्रदेस के न्यूनतम तापमान में कउनों बड़हन बदलाव भइले क सम्भावना नाही बा।

**********